## Адыгэкъал

Адыгэкъалэ сыщыщышъ, сынасыпыш1у.
Къэлэ ныбжьык1эр сич1ыгушъ, сыгуи ащ щыш1у.
Ш1оу щы1эр къыдэхъунэу сыфалъа1о,
Имэфэк1ышъ лъэшэу сыфэгуш1о.

Сикъалэ хъишъэм изынэк1убгъоу
Зырищыгъ, мамырэу мэпсэу.
Лъэпкъыбэр щэлажьэ гуфитэу,
Зэкъошныгъэм исаугъэтэу.

Сызщалъфыгъэр лъэшэу сэгъэлъап1э,
Сич1ыгу залэ сэрк1э гу1эт.
Пц1э зэхэсхмэ сыгук1э сигуапэ,
Уинасыпи лъагэу зерэ1эт!

Непэ уимэфэк1ышъ, ук1эрак1.
Уипчъэ лъэшэу о зэ1ух
Хьак1эм лъэпкъ хабзэк1э пэгъок1.
Сикъэлэ к1асэу, Адыгэкъал!

**Зыусыгъэр:**
**я 9-рэ  классым ис еджак1оу**
**Шэуджэн Жанн.**